



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ELAJI AKSÈ AK KIT IJANS POU OVÈDÒZ KI KAPAV SOVE LAVI
NAN PWOGRAM VYOLANS DOMESTIK YO ATRAVÈ NEW YORK**

***Asistans pou sivivan vyolans domestik ak patnè entim, ki gen ogmantasyon risk pou
ovèdòz***

***Kontinye efò New York ap fè pou abòde epidemi opyoyid ak ovèdòz la enkli bay prèske
700,000 kit nalokson nan tout Eta a, sa ki fè plis pase 335 milyon dola nan Fon Règleman
Opyoyid ki disponib, ak deplwaye inite mobil ak lòt nouvo estrateji***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a keabri pou vyolans domestik ak founisè sèvis atravè Eta New York pral kounye a gen aksè ak Kit Ijans pou Ovèdòz gratis apre yon patenarya ant Biwo Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta New York la, Biwo Sèvis Adiksyon ak Sipò (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) an. Kit yo rive posib gras ak Pwojè COPE (Edikasyon pou Prevansyon Ovèdòz Kominotè) (Community Overdose Prevention Education, COPE), yon inisyativ finansè pa sibvansyon Administrasyon Sèvis pou Abi Sibstans ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA).

"Epidemi opyoyid ak ovèdòz la te afekte twòp Nouyòkè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ansanm ak pwogram rediksyon domaj, prevansyon, ak sipò tretman, aksè elaji ak kit ijans pou ovèdòz ki kapab sove lavi nan pwogram vyolans domestik vital la, epi n ap kontinye konsantre resous Eta a pou abòde epidemi ovèdòz la yon fason efikas epi ak konpasyon."

Inisyativ sa a kontinye efò agresif ak kontinyèl Gouvènè Hochul pou adrese epidemi opyoyid ak ovèdòz la Pandan 18 mwa ki sot pase yo, New York te distribye prèske 700,000 Kit Ijans pou Ovèdòz nan tout eta a, ki gen ladan anpil atravè premye [pòtay kòmand](#) sou entènèt New York la k ap mennen nan peyi a.

Yon Kit Ijans pou Ovèdòz se yon bwat metal ki monte sou miray ki gen nalokson, medikaman ki rapidman ranvèse yon ovèdòz opyoyid. Kòm yon pati nan nouvo inisyativ sa a, founisè rezidansyèl vyolans domestik ka mete yon kit nanabri yo pou rezidan yo ak anplwaye yo gen aksè ak medikaman sa a ki kapab sove lavi. Yo enkli tou nan bwat yo resous fòmasyon pou administre nalokson. Anplis de sa, Pwojè COPE ap ofri fòmasyon gratis pou anplwaye pwogram vyolans domestik sou rediksyon domaj ak prevansyon ovèdòz.

Rechèch te montre anpil fwa yon gwo korelasyon ant vyolans domestik ak itilizasyon sibstans. Yon egzanp se atravè kontrent itilizasyon sibstans, yon fòm abi ki dominan men ke anpil moun pa rekonèt li, ki reprezante yon gwo danje pou sivivan yo. Anplis de sa, etid yo montre moun ki sibi abi yo gen plis chans pou yo sèvi ak sibstans kòm yon fason pou fè fas ak chòk ki gen rapò ak abi ak domaj fizik. Sivivan yo fè eksperyans faktè risk inik ki mete yo nan plis risk pou yo fè yon ovèdòz, tankou estigma sosyal ki dominan alafwa anvè sivivan yo ak itilizasyon sibstans ki ka lakòz gwo baryè pou jwenn aksè ak swen. Sa vle di anpil sivivan yo pa kapab jwenn zouti prevansyon ovèdòz ki sove lavi tankou naloksòn. Pwogram vyolans domestik yo yon fason inik pou konble diferans sa a lè yo ofri naloksòn sou plas pou sivivan yo.

Atravè patenarya sa a, OPDV, OASAS ak OCFS espere rive jwenn sivivan vyolans domestik ak vyolans patnè entim ki otreman pa janm ka gen aksè ak resous ki ka sove lavi tankou naloksòn akòz anpil baryè yo rankontre.

Anplis efò sa a, New York ap kontinye adrese epidemi opyoyid ak ovèdòz la nan:

1. Dirije nasyon an nan rann plis pase 335 milyon dola nan finansman règleman opyoyid disponib pou sipòte yon kontinite prevansyon, tretman, rediksyon domaj konplè, ak inisyativ rekiperasyon nan Eta New York. Yo distribye finansman sa a dapre priorite Konsèy Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la. Gen plis enfòmasyon sou inisyativ finansman sa a k ap sipòte disponib [isit la](#).
1. Krete inite mobil ki pote sèvis dirèkteman bay moun nan kominote yo, ofri evalyasyon admisyon ak endiksyon medikaman pou tout kalite MAT, administrasyon ak obsèvasyon medikaman, tès toksikoloji, ak lòt sèvis medikal. Yo fèt pou rive jwenn moun ki fè fas ak baryè pou jwenn aksè ak lokal fizik tradisyonèl yo.
1. Deplwaye ekip sipò sèvis kontak ak angajman ki konekte moun ak popilasyon ki gen gwo risk pou rediksyon domaj ak sèvis tretman epi bay edikasyon sante.
1. Etabli Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè Sètifye (Certified Community Behavioral Health Clinics, CCBHCs) pou bay yon seri sèvis kowòdone pou adrese itilizasyon sibstans ak/oswa sante mantal, tankou entèvansyon kriz, tès depistaj ak evalyasyon, ak planifikasyon tretman.
1. Ouvri sant estabilizasyon kriz pou bay sipò, asistans, ak aksè ijan nan swen pou moun ki fè eksperyans yon sityasyon kriz ki gen rapò ak itilizasyon sibstans ak/oswa yon pwoblèm sante mantal. Pwogram sa yo ede moun ki fè eksperyans yon kriz sante mantal oswa itilizasyon sibstans 224 è pa jou, 7 jou lasemèn.

Komisè OASAS, Doktè Chinazo Cunningham te deklare, "Moun ki nan sityasyon vyolans domestik yo ka gen plis risk pou yo itilize sibstans, epi li enpòtan pou nou travay pou nou jwenn yo ak enfòmasyon ak resous pou ede yo rete an sekirite. Naloksòn ki enkli nan kit sa yo se youn

nan zouti ki pi enpòtan nou genyen pou anpeche lanmò nan ovèdòz, epi lè nou travay avèk patnè nou yo pou rann medikaman sa a pi aksesib, li pral ede sove lavi atravè Eta New York."

Komisè OCFS la, Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare, "Entèseksyon ant vyolans domestik ak epidemi opyoyid la kreye plizyè defi pou alafwa sivivan k ap chèche sekirite ak kominote founisè vyolans domestik ki angaje pou ede sivivan yo. Avèk pwovizyon Kit Ijans pou Ovèdòz sa yo gratis, ansanm ak fòmasyon ak resous ki nesèsè yo, founisè vyolans domestik yo pral gen kapasite pou yo reponn ak ijans opyoyid yo epi sove lavi."

Direktè Egzekitif OPDV Kelli Owens, te deklare, "Pandan ke New York se yon lidè nan sa ki gen rapò ak resous ak sèvis ki santre sou sivivan, ki enfòmè sou chòk epi ki reponn sou plan kiltirèl pou sivivan vyolans patnè entim yo, nou toujou ap chèche nouvo fason pou ede yo nan pakou gerizon yo. Bay patnè founisè nou yo Kit Ijans pou Ovèdòz sa yo, ak fòmasyon pou itilize yo, sa ede montre sivivan yo nou angaje nan byennèt yo ak sante yo an jeneral."

Direktè Sèvis Viktim nan Sèvis Timoun ak Fanmi nan Konte Erie, Tiffany Pavone, te deklare: "Antanke yon founisè vyolans domestik, Haven House te wè enpak epidemi opyoyid la. Depandans dwòg ogmante risk pou yo te itilize epi anpil abizè itilize dwòg kòm yon mekanis kontwòl. Fòmasyon pou prevansyon ovèdòz la ak kit ijans yo pral ede asire defansè nou yo, alafwa nanabri nou an ak nan kominote a, yo pare pou rekonèt yon potansyèl ovèdòz epi bay mezi pou sove lavi lè sa nesèsè."

Connie Neal, ki se Direktris Egzekitif nan Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta New York (New York State Coalition Against Domestic Violence), te deklare, "Atravè Pwojè COPE, pwogram defans vyolans domestik la atravè Eta New York pral resevwa plis aksè ak fòmasyon ak resous prevansyon kont ovèdòz. Twòp sivivan vyolans domestik soufri gwo chòk epi yo souvan gen plis risk pou yo itilize sibstans. Yo kontrenn anpil sivivan pou yo sèvi ak sibstans kòm yon taktik vyolans domestik. San okenn dout, zouti enpòtan pou sove lavi yo ak estrateji pou rediksyon domaj ak prevansyon surdozaj pral fè yon gwo diferans pou anpil sivivan vyolans domestik nan Eta nou an."

Vis Prezidans Adjwen pou Rediksyon Risk nan Evergreen Health System, Emma Fabian, te deklare, "Se yon bon nouvèl akeyi keabri vyolans domestik atravè Eta a pral ekipe ak Naloksòn. Pandan kriz ovèdòz san parèy sa a, nou bezwen anplwaye tout opsyon ki disponib pou diminye domaj ak lanmò, espesyalman nan anviwònman kote moun ki vilnerab yo ak fanmi yo ap resevwa swen. Dapre entèseksyon itilizasyon sibstans, detèminan sosyal sante, ak chòk, sa a se yon popilasyon ki ta dwe gen zouti ki fasilman disponib tankou Naloksòn."

Direktè Adjwen Rezo Perinatal Manman & Tibebe, Christie Finch, te deklare, "Bay founiti pou prevansyon ovèdòz ki ka sove lavi gen sans pou tout moun. Nouvo manman nou travay avèk yo trè rekonesan pou founiti gratis sa yo epi pou aprann kijan pou yo itilize yo, ki moun ki riske fè yon ovèdòz pa aksidan (tankou timoun ki ka jwenn envolontè medikaman ki pa fèt pou yo), epi kijan pou yo kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite. Ofri aksè a founiti pou prevansyon ovèdòz nanabri pou vyolans domestik, kote fanmi yo vilnerab epi yo ka potansyèlman ekspoze a estrateji pou siviv ki kapab danjere, se pwochen etap la nan aksè ekkitab ak medikaman sa a ki ka sove lavi."

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY ([1-877-846-7369](tel:1-877-846-7369)) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)